

## Pwogram Plafon-epi-Envesti pou Bese Polisyon


Plafon-epi-envesti se yon zouti politik yo itilize Ozetazini ak toupatou nan lemon pou bese polisyon ki pa bon pou lasante.<sup>i</sup> Pwogram plafon-epi-envesti reyjonal ak Eta a te reyisi bese emisyon kaz karbonik yo vreman ansanm ak lòt polisyon ki danre nan lè a epi yo te kore sektè enèji pwòp la, anmenmtan l ap ddwevelope ekonomi a anjeneral.

### **Esplikasyon Pwogram Plafon-epi-Envesti yo**

Kwape-epi-envesti se yon apwòch ki limite kantite total emisyon yo yon sektè aktivite oubyen tout ekonomi a anjeneral pwodui. Kantite limit total emisyon yo—oswa plafon an—bese san rete plis tan a pase, sa ki vle di gen mwens polisyon chak fwa ki otorize nan sous polisyon yo mete limit sou yo, sa ki fè lè a pi pwòp epi sante piblik la amelyore.<sup>ii</sup>

Chak sous polisyon—pa egzanp, yon santral elektrik oswa yon distribitè fyoul petwòl—ki kouvri daprè plafon an dwe respekte yon ‘kantite otorize’ pou chak tòn polisyon yo responsab pwodui. Adminsitratè pwogram la (pa egzanp, administrasyon yon Eta) kreye kantite ki otorize ki egal ak montan total polisyon ki otorize daprè plafon an pou ane sa a.

Nan anpil pwogram, yo vann ozanchè montan ki otorize yo. Chak antite ki règlemente achte montan otorize grasa vant ozanchè pou kouvri emisyon li yo. Lajan yo resevwa nan vant ozanchè a kapab founi finansman pou pwogram yo pou kontinye bese emisyon yo oubyen pou tout ofri moun ki viv nan menm kay ak kominote yo lòt benefis, jan chak Eta pral detèmine li.



### **Plafon-ak-envesti antanke Zouti pou Bese Polisyon**

Eta Ozetazini yo te itilize pwogram tankou plafon-ak-envesti pou bese polisyon an. Pa egzanp:

- California gen yon pwogram pou tout sektè ekonomi a ki limite emisyon gaz karbonik yo epi ki envesti lajan an. Depi 2015, Fon Rediksyon Gaz Efè de Sèr (Greenhouse Gas Reduction Fund) te bay \$9 milya dola pou envestisman nan veyikil ki pi pwòp, transpò piblik, efikasite enèjetik ak lojman bon mache.<sup>iii</sup> Quebec te kreye yon pwogram plafon-epi-envesti ki konsistan ak sa California an genyen, epi ki pèmèt toulede pwogram yo “lye” oswa yo mache tankou yon pwogram ki gen kowezyon.
- Inisyativ Reyjonal pou Gaz Efè de Sèr (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) la se yon pwogram plafon-epi-envesti pou santral pwodiksyon kouran nan nèf (9) Eta nan Nòdès ak nan Mid-Atlantic (Connecticut, Delaware, Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, New Jersey, New York, Rhode Island ak

Vermont).<sup>iv</sup> Chak Eta itilize pòsyon kantite ki otorize li an pou finanse pwogram efikasite enèjetik ak enèji renouvlab ansanm ak lòt mezi ki bese bòdwo elektrisite yo nan tout reydon an. Yon analiz 2016 te jwenn envestisman RGII yo te pèmèt fè \$1.7 milya dola ekonomi nan bòdwo elektrisite sou tout dire lavi konsomatè elektrisite yo nan reydon an.<sup>v</sup>



### Pwosesis Elaborasyon Politik Rejyonal konsènan Inisyativ Transpò ak Klima

Eta Nòdès ak Mid-Atlantic yo ap kolabore nan Inisyativ Transpò ak Klima (Transportation & Climate Initiative, TCI) an pou akSELERE tranzisyon an vè yon lavni kote transpò yo pa pwodui anpil emisyon gaz kabonik epi ki ofri sistèm transpò ki pibon, pi pwòp ak pi djanm pou benefis tout kominote yo, ki gen ladann kominote ki pa gen anpil opsyon transpò epi ki viktim ki sibi konsekans polisyon ki pi dispwopòsyone yo.

Pandan ane 2019 la, Eta TCI yo ap kreye yon pwopozisyon pou yon politik plafon-epi-investi rejyonal potansyèl pou bese emisyon gaz kabonik k ap rechofe planèt la apatide mwayen transpò, nan travay ak kominote ak pati prenant yo epi nan òganize analiz pou ede konsevwa yon pwogram ki bese polisyon epi ki amelyore sistèm transpò ak lasante publik.

Eta TClyo ap konsidere yon pwogram ki ta:

- mete yon “plafon” ki bese piti pou piti sou polisyon kabonik akòz konbistyon konbistib fosil yo nan sektè transpò yo pou bese kantite emisyon transpò yo pwodwui.
- egzije pou gwo founisè gazolin ak fyoul dyezèl respekte kantite limit ki otorize yo pou polisyon ki kreye akòz konbistyon fyoul yo vann kliyan yo.
- jenere lajan yo kapab itilize pou finanse pwogram pou ogmante sikilasyon transpò publik epi fè li vin pibon ak pi pwòp, konstwi kote ki san danje pou moun mache epi monte bisiklèt pou ale kote yo bezwen ale a, ankouraje veyikil elektrik y oak plis bagay toujou.

### Jwenn Plis Enfòmasyon konsènan Plafon-epi-Investi ak Pwosesis Elaborasyon Politik Rejyonal TCI an

- Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan aktivite plafon-epi-investi yo ak fason li kapab aplikab pou emisyon transpò yo, tanpri al gade anregistreman **videyo Plafon-epi-Investi 101** an ki disponib la a:  
<https://www.transportationandclimate.org/tci-video-cap-and-invest-101>
- W ap jwenn plis enfòmasyon osijè **pwosesis Elaborasyon Politik Rejyonal TCI** an, ikonpri yon kalandriye reyinyon ak evènman yo sou wèbsayt TCI a nan:  
[TransportationAndClimate.org](http://TransportationAndClimate.org)

---

<sup>i</sup> International Carbon Action Partnership (Patenarya Entènasyonal Aksyon Gaz Kabonik),  
<https://icapcarbonaction.com/en/>

<sup>ii</sup> Graf yo pran nan ‘Cap-and-Invest 101’ by Franz Litz, Litz Energy Strategies

<sup>iii</sup> California Climate Investments (Envestisman Klima Kalifòni), <http://www.caclimateinvestments.ca.gov/about-cci>

<sup>iv</sup> The Regional Greenhouse Gas Initiative (Inisyativ Gaz Efè de Sèr Rejyonal), <https://www.rggi.org/>

<sup>v</sup> The Regional Greenhouse Gas Initiative: Investments (Inisyativ Rejyonal Gaz Efè de Sèr: Envestisman yo),  
<https://www.rggi.org/investments/proceeds-investments>